

MARIAGE D'INTERETS (album : Exploitation)

Mariaj dintèrèt sa pa janm pwofité Yon moun dwè réfléchi di mil fwa avan l di oui je veux

Sé plus gros éreu yon paran ta pap komèt di sé moun sa ou vlé pou pitit ou mariyé

San ou pa bezwen konnen si'l renmen si'l pa renmen

Ou kontantéw sèlman de sa kè moun lan posédé sé sa ki koz yon pil prostitusyon sou la tè

li leu pou nou suspan mové défo sayo di sé moun sa nou vlé pou pitit nou mariyé

Kité amour dèyè pou nap pozé lot kestyon Eskè moun sa gen on pil byen,

Eskè l gen yon pil lajan la bank Sa nou fè de amour sa nou fè de santiman

Yon mariaj dintèret sé yon kalvè pou pitit nou

chak lan nwit pou l fosé domi koté on moun kè l pa renmen

seulman pou fè paran l plézi l aksèpté tribulasyon

Si i vin a menné movèz vi ki sa n ka repwoché

Sé nou menm paran ki la koz o, ki sa nou ka repwoché x 2

Si gen movez vi kap menné nan kay la, Sé nou menm paran ki la koz o

si gen tet chajé k' menné nan kay la, ki sa nou ka repwoché

si vin gen divos ki mandé nan kay la, Sé nou menm paran ki la koz o

si vin gen pwoblem kap pasé nan kay la, ki sa nou ka repwoché

si dé flannè kap rantré kap soti kap pé bay pwoblem nan kay la, Sé nou menm paran ki la koz o

si dé flannè kap rantré kap soti kap pasé randévou nan kay la, ki sa nou ka repwoché

si vin gen divos ki mandé nan kay la Sé nou menm paran ki la koz o

sé nou menm k'la koz o, nou menm k'la koz o, nou menm k'la koz o, ki sa nou ka repwoché

sé nou menm k'la koz o, nou menm k'la koz o, nou menm k'la koz o,

sé nou menm paran ki la koz o

nou menm paran ki la koz nou menm k'la koz o, nou menm k'la koz o, ki sa nou ka repwoché

si dé flannè kap rantré kap soti kap pé bay pwoblem nan kay la, sé nou menm paran ki la koz o

si dé flannè kap rantré kap soti ki vin koz divos nan kay la, ki sa nou ka repwoché

Sé nou menm paran ki la koz o, ki sa nou ka repwoché x 3

Gemini All Stars, Oh Kouté, tout tan tout tan tout tan sou konpa

Dèpi nan 17èm syèk sa té gen dwa suspan a pé chwazi moun ki rich pou pitit ou maryé
nan plen 20èm syèk si la li leu pou sa chanjé kité pitit ou maryé a moun ke yo damou
mariaj dintère sa pa janm duré li pa bon pou yonn é li pa bon pou lot
si plus gros mizè ki kap egzisté deu moun ki pa renmen ka viv nan menm kay
eskè l imajiné ki vi sa sa yé

Fosé pitit ou maryé a moun kè l pa renmen Sa sé plu gwo méchansté mézanmi

Ranmasé lajan sou tèt pitit ou san l pa konnen Sa sé yon gwo bawbari mézanmi